

BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI  
 NAN ETA NEW YORK (NEW YORK STATE OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES, NYS OCFS)

**AVI SOU ENTANSYON NOU GENYEN POU NOU SISPAAN AVANTAJ GADRI OU YO**

DAT AVI A: / /	DENYE DAT L AP FÈMEN / /	NON AK ADRES AJANS/SANT OSWA BIWO DISTRI	
NIMEWO DOSYE A	NIMEWO CIN		
NIMEWO DOSYE (Ak Non C/O si genyen) AK ADRES			
		NIMEWO TELEFÒN JENERAL POU KESYON OSWA ÈD <hr/> <b>OSWA</b> Konferans avèk Ajans lan Enfòmasyon sou Odyans san Patipri ak Asistans <b>1-800-342-3334</b> Aksè nan Dosye Enfòmasyon sou Asistans Jiridik	
NIMEWO BIWO A	NIMEWO MOUN LAN	NIMEWO TRAVAYÈ SOSYAL	NON MOUN LAN OSWA NON TRAVAYÈ SOSYAL LA NIMEWO TELEFÒN TRAVAYÈ SOSYAL LA ( ) -
Avi sa a se pou nou fè w konnen dosye avantaj gadri w l ap fèmen nan dat (dat la) ____ / ____ / ____ . Ou p ap kalifye pou avantaj gadri pou sèvis yo bay apre _____.			
Kòmantè:			
<b>OU GEN DWA POU MANDE YON KONFERANS AK/OSWA YON ODYANS POU KONTESTE DESIZYON SA A.          LI DO AVI SA A POU JWENN ENFÒMASYON SOU FASON POU MANDE YON KONFERANS AK/OSWA ODYANS POU          KONTESTE DESIZYON SA A.</b>			
<b>Men rezon desizyon sa a:</b>			
<input type="checkbox"/> Revni brit fanmi w depase 300% revni nòmal Eta a oswa 85% revni mwayen Eta a, ki se revni maksimòm règleman Eta New York otorize pou kalifye pou asistans gadri pandan premye aplikasyon an ak pandan chak 12 mwa re-detèminasyon kalifikasyon. Revni brit masyèl fanmi ou se \$ _____ li depase revni masyèl maksimòm lan, \$ _____ pou yon fanmi ki gen _____.			
*(Tanpri al gade nan dokiman siplemantè ki nan anvlòp la pou jwenn plis enfòmasyon.)*			
<input type="checkbox"/> Revni brit fanmi w depase 85% revni mwayen eta a, ki se revni maksimòm règleman Eta New York otorize pou kalifye pou asistans gadri pandan peryòd kalifikasyon 12 mwa a. Revni brit masyèl fanmi ou se \$ _____ li depase revni masyèl maksimòm, \$ _____ pou yon fanmi gwozè li se _____.			
*(Tanpri al gade nan dokiman siplemantè ki nan anvlòp la pou plis jwenn enfòmasyon.)*			
<input type="checkbox"/> Ou pa kalifye nan pwogram sèvis gadri an paske: _____			
<input type="checkbox"/> Ou pa te bay nou enfòmasyon nou te mande yo pou nou detèmine kalifikasyon ou pou kontinye jwenn asistans gadri. San enfòmasyon sa yo, nou pa te ka detèmine si ou kalifye pou yon asistans konsa. _____			
<input type="checkbox"/> Lòt: _____			
LWA(YO) AK/OSWA RÈGLEMAN(YO) ki pèmèt nou fè sa a se/yo se: _____			

KOPI KLIYAN/ODYANS SAN PATIPRI

**Si ou pa dakò avèk desizyon depatman sèvis sosyallokal ou a, ou ka mande yon konferans ak/oswa yon odyans san patipri.**

1. **KONFERANS:** Ou gen dwa pou patisipe nan yon konferans avèk depatman sèvis sosyal lokal ou a pou verifye detèminasyon an. Si ou vle yon konferans, ou ta dwe mande youn PI VIT POSIB, paske rezilta konferans lan ka afekte desizyon ou pou mande yon odyans san patipri. Si ou vle yon odyans san patipri epi si w vle avantaj gadri ou a pa chanje (pou èd yo kontinye) jiskaske yo pran desizyon pou odyans san patipri a, ou dwe mande yon odyans san patipri anvan DÈNYE DAT L AP FÈMEN an yo ekri sou premye paj avi sa a. Yon demann pou yon konferans sèlman p ap ka fè ou kontinye jwenn avantaj ou yo. Nan konferans lan, ou ka prezante enfòmasyon pou demontre poukisa ou kwè aksyon ajans la pa kòrèk.

**Pou mande yon konferans, ou ka:**

(1) **Rele:** ( ) - (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU LÈ OU RELE).

(2) **Ekri:** Tcheke ti kare anba a epi voye li bay \_\_\_\_\_

Tanpri konsève yon kopi pou ou.

Mwen vle yon konferans. Mwen pa dakò avèk aksyon ajans lan. Ou ka eksplike sou yon papye apa poukisa ou pa dakò, men ou pa oblije mete yon eksplikasyon alekri ladan.

2. **ODYANS SAN PATIPRI:** Ou gen dwa pou patisipe nan yon odyans san patipri pou konteste detèminasyon depatman sèvis sosyal lokal la. Si ou vle yon odyans san patipri, ou gen 60 JOU apre DAT AVI a, yo ekri sou premye paj la, pou fè demann lan. Si ou pa vle avantaj gadri ou yo chanje anvan yo bay desizyon odyans san patipri a, ou oblije mande yon odyans san patipri anvan DÈNYE DAT L AP FÈMEN an yo ekri sou premye paj avi sa a. Ou pa oblije mande yon konferans anvan ou mande yon odyans san patipri.

Ou ka mande pou kenbe avantaj gadri ou yo jiskaske yo pran yon desizyon nan odyans san patipri a. Si w mande pou avantaj ou yo kontinye jiskaske yo pran yon desizyon nan odyans san patipri a, epi ou pèdi odyans san patipri a, w ap peye plis kòb pase sa ou sipoze peye. Depatman sèvis sosyal lokal la pral chèche rekipere kantite kòb pou peye anplis la nan men ou pandan y ap diminye avantaj gadri ou yo alavni, kolekte yon sòm total oswa peman an plizyè tranch, oswa lajistis.

**Pou mande yon odyans san patipri, ou ka:**

(1) **Rele:** 1-800-342-3334. (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU LÈ OU RELE .)

(2) **Sou Entènèt:** Pou voye demann odyans san patipri ou a sou entènèt, ale nan <https://otda.ny.gov/hearings/>, klike sou lyen pou mande yon odyans san patipri pandan w ap itilize fòm lan sou entènèt la, epi swiv enstriksyon pou ranpli epi soumèt fòm lan sou entènèt.

(3) **Ekri:** Tcheke kare a epi ranpli enfòmasyon anba a. Voye li nan kourye lapòs bay Biwo Odyans Administratif Eta New York (New York State Office of Administrative Hearings, NYS OAH), Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) nan P.O. Box 1930, Albany, New York, 12201-1930. Tanpri konsève yon kopi pou ou.

(4) **Faks:** Tcheke kare a epi ranpli enfòmasyon anba a. Voye toulede bò fòm sa a atravè Faks bay (518) 473-6735.

Mwen vle yon odyans san patipri. Mwen pa dakò avèk aksyon ajans lan. Ou ka eksplike sou yon papye apa poukisa ou pa dakò, men ou pa oblije mete yon eksplikasyon alekri ladan.

**Chwazi youn.**

**Pa sispann** avantaj sèvis gadri pitit mwen jiskaske yo pran yon desizyon nan odyans san patipri a.

**Sispann** avantaj gadri mwen nan dat limit yo mete nan avi sa a, anatanndan desizyon odyans san patipri a.

Non: \_\_\_\_\_

Distri: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: ( ) - \_\_\_\_\_

Si ou mande yon odyans san patipri, Eta a ap voye yon avi ba ou pou fè w konnen ki lè ak ki kote odyans l ap fèt. Ou gen dwa pou fè yon konseye jiridik, yon fanmi w, yon zanmi w oswa yon lòt moun reprezante ou oswa ou gen dwa reprezante tèt ou. Nan odyans lan, ou menm, avoka w oswa lòt reprezantan w pral gen opòtinite pou prezante prèv ekri ak prèv oral pou demontre poukisa nou pa ta dwe pran desizyon an, l ap jwenn opòtinite tou pou poze nenpòt moun ki prezan nan odyans la kesyon. Epitou, ou gen dwa pou vini avèk temwen pou pale anfavè ou. Ou ta dwe pote nan odyans lan tout dokiman, tankou avi sa a, ti bout (souch) chèk, resi, bòdwo gadri, verifikasyon medikal, lèt, elatriye ki ka itil lè w ap prezante dosye ou a.

**ÈD JURIDIK:** Si ou bezwen asistans jiridik gratis, gen posibilite pou ka jwenn asistans sa a lè w kontakte Sosyete Èd Jiridik (Legal Aid Society, LAS) Lokal ou a oswa lòt gwoup avoka. Ou ka jwenn Sosyete Èd Jiridik (Legal Aid Society, LAS) oswa gwoup avoka pi pre w la lè w chèche sou entènèt, itilize mo kle tankou non konte ou rete a ak "Èd Jiridik (Legal Aid Society, LAS)" oswa "advocate group," ou ka tcheke Paj Jòn ou anba "Lawyers" (Avoka) oswa rele nimewo ki endike sou premye paj avi sa a.

**AKSÈ NAN DOSYE AK KOPI DOKIMAN YO:** Pou ede ou prepare w pou odyans lan, ou gen dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele nou oswa si ou ekri nou, n ap voye ba ou kopi dokiman dosye ou yo gratis, se dokiman sa yo n ap bay Ofisye Odyans lan nan Odyans san Patipri a. Pou mande dokiman yo oswa pou chèche konnen kijan pou w gade dosye w la, rele nou nan nimewo telefòn Record Access la yo mete anwo paj en (1) avi sa a oswa ekri nou nan adrès ki anwo paj en (1) avi sa a. Epitou, si ou rele oswa ekri nou, n ap ba ou kopi lòt dokiman yo ki nan dosye w la gratis, se dokiman sa yo ou ka bezwen pou prepare odyans san patipri ou a. Si ou vle kopi dokiman nan dosye ou a, ou dwe mande yo davans. N ap ba ou yo nan yon dèl rezonab anvan dat odyans lan. N ap voye dokiman yo pou ou atravè lapòs sèlman si ou mande pou voye yo pou ou nan kourye lapòs.

**ENFÒMASYON:** Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou dosye w la, sou kijan pou mande yon konferans oswa yon odyans san patipri, oswa sou kijan pou wè dokiman w, oswa kijan pou w resevwa lòt kopi dokiman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki anlè paj en (1) avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè paj en (1) avi sa a.

**AMANDMAN AVI SOU ENTANSYON  
POU SISPANN AVANTAJ GADRI / KALKIL KALIFIKASYON FINANSYÈ**

Dat li Kòmanse / /

Non ki sou \_\_\_\_\_ Nimewo Dosye \_\_\_\_\_

Nou detèmine ou pa kalifye ankò pou avantaj gadri yo. Revni brit masyèl fanmi ou chak se \$ \_\_\_\_\_.

Montan sa a depase 300% nan estanda revni Eta a oswa 85% nan revni mwayen Eta a, revni brit maksimòm pou redetèminasyon an, se \$ \_\_\_\_\_ pou yon fanmi gwo li se \_\_\_\_\_.

Montan sa a depase 85% revni mwayen Eta a, revni maksimòm pandan peryòd 12 mwa kalifikasyon \$ \_\_\_\_\_ pou yon fanmi gwo li se \_\_\_\_\_.

**Tanpri tcheke enfòmasyon anba a. Si gen erè, kontakte travayè sosyal ou a non li ekri sou paj en (1) avi sa a. Si gen erè, sa vle di desizyon nou te pran sou avantaj ou yo pa kòrèk.**Gen yon timoun ki gen bezwen espesyal ki rete nan kay la.  Wi  Non **Si ou gen yon timoun ki gen bezwen espesyal ki bezwen gadri, ou ka te resevwa avi sa a pa erè. Kontakte travayè sosyal ou a non li ekri sou paj en (1) avi sa a pou detèmine si yo te fèmen dosye ou pa erè.**

Yo te detèmine revni brit masyèl fanmi ou nan sous sa yo:		
<input type="checkbox"/>	Salè (18 NYCRR § 404.5(b)(5)(i)) anvan montan taks:	\$ _____ pou chak mwa.
<input type="checkbox"/>	Sekirite Sosyal (18 NYCRR §404.5(b)(5)(iv)) pou:	\$ _____ pou chak mwa.
<input type="checkbox"/>	Sipò Timoun (18 NYCRR §404.5(b)(5)(xi)) pou:	\$ _____ pou chak mwa.
<input type="checkbox"/>	<b>* Lòt revni ki pa nan lis pi wo a tankou yo defini sa a nan règleman Eta New York 18 NYCRR §404.5(b)(5) pou yon montan:</b>	\$ _____ pou chak mwa.
	<b>Revni brit masyèl total fanmi ou:</b>	\$ _____ pou chak mwa.

Anba a se nivo revni mwayen Eta a ak estandan revni distri a itilize pou yo detèmine kalifikasyon w pou avantaj gadri yo. Pou yo detèmine kalifikasyon ou pou avantaj gadri yo, yo te konpare revni brit masyèl fanmi ou pou gwo li ou ak 85% revni mwayen Eta a ak 300% estandan revni Eta a. Pandan peryòd 12 mwa kalifikasyon an, revni brit fanmi w ka pa depase 85% revni mwayen Eta a.

Kantite moun nan fanmi an	300% Estanda Revni Eta a (State Income Standard, SIS)	85% Revni Mwayen Eta a (State Median Income, SMI)
1		
1		
3		
4		
5		
6		
7		
8		
9		
10		
10		
12		
13		
14		
15		
16		
17		
18		
19		
20		

\* Lòt revni ki pa nan lis pi wo a epi yo defini nan règleman 18NYCRR 404.5(b)(5) Eta New York la setankou sa yo, men se pa sèlman yo: revni nèt nan travay endepandan ki pa agrikòl, sa vle di ,resi brit mwens depans nan pwòp biznis yon moun, antrepriz pwofesyonèl oswa patenarya; oswa revni nèt nan travay agrikòl endepandan, sa vle di, resi brit yo mwens depans operasyon nan administrasyon yon ekspwatasyon agrikòl yon moun fè pou kont li, kòm pwopriyetè, lokatè oswa meteye; oswa dividann, enterè (sou ekonomi oswa kosyon) revni byen imobilye oswa konfyans, revni lwaye nèt oswa redevans ; asistans piblik (public assistance , PA) oswa peman asistans sosyal (ki gen ladan peman PA tankou PA, SSI, ak èd nan kay); pansyon ak anwite (ki gen ladan pansyon oswa avantaj retrèt yo peye pou yon moun retirete oswa sivivan yo); oswa konpansasyon pou chomaj, konpansasyon travayè; oswa pansyon alimantè; oswa pansyon veteran.

Revni brit mansyèl fanmi ou se \$ \_\_\_\_\_ pou yon fanmi gwosè li se \_\_\_\_\_.

Montan sa a depase revni maksimòm \$ \_\_\_\_\_.

Anplis sitasyon yo endike nan avi sa a, gade Plan Sèvis pou Timoun ak Fanmi Distri a nan <https://ocfs.ny.gov/main/childcare/plans/plans.asp> pou jwenn plis enfòmasyon.